



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EVALYASYON ANVIWÒNMANTAL FINAL POU  
PWOGRAM PEYAJ DISTRI KOMÈSYAL SANTRAL LA AK PWOJÈ 'KONKLIZYON  
KI PA GEN ENPAK SINIFIKATIF' LA KI DISPONIB KOUNYE A**

*Etap enpòtan nan pwosesis pou otorizasyon Pwogram Peyaj Distri Komèsyal Santral ki se premye nan nasyon an; ta Aamelyore kalite lè rejyonal la, abòde pwoblèm konjesyon sevè Vil New Nork la epi bay finansman kapital ki enpòtan pou transpò piblik*

*Mizajou nan evalyasyon anviwònmantal la ki bati sou angajman anvè Kominote Jistis Anviwònmantal yo*

*Piblikasyon dokiman kòmanse peryòd 30 jou disponibilite dokiman ofisyèl la pou avi piblik la*

*Konsèy Revizyon Mobilite Sikilasyon an pral travay sou rekòmandasyon yo sou tarif ak estrikti peyaj la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation NYSDOT) ak Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, NYCDOT) te pibliye Evalyasyon Anviwònmantal Final pou Pwogram Peyaj Distri Santral Komèsyal ak yon pwojè "Konklizyon ki Pa gen Enpak Siyifikatif" (Finding of No Significant Impact, FONSI) ki te prepare pa Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration, FHWA) la.

"Sa a se yon etap enpòtan, k ap mennen nou pi pre yon avni kote Nouyòkè yo gen yon lè ki pi pwòp, pi bon transpò piblik ak mwens trafik ki bloke lari nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa a enpòtan anpil pou siksè alontèm Vil New York, sa k ap asire vwayajè ak biznis nou yo kapab grandi ak pwospere."

Piblikasyon dokiman yo jodi a kòmanse yon peryòd 30 jou kote yo disponib ofisyèlman pou revizyon piblik la sou entènèt [isit la](#). Moun ki prefere kopi an papye yo ka wè yo nan kote ke yo endike sou sitwèb la. Apre 30 jou yo fin pase, Administrasyon Otowout Federal (FHWA) la pral pran desizyon final li a, li pral konplete revizyon li sou efè potansyèl anviwònmantal yo nan pèmèt Pwogram Peyaj Distri Komèsyal Santral la.

Aprè yo antre nan yon akò peyaj ak Administrasyon Otowout Federal la, peyaj la ta kapab kòmanse jiska 310 jou aprè, pandan tan sa kontraktè yo ta dwe konsevwa, konstwi, teste ak aktive ekipman peyaj yo.

Pandan peryòd sa a, yon Komisyon Konsèy Revizyon Mobilite Sikilasyon (Traffic Mobility Review Board, TMRB) ki gen sis manm ta devlope tarif peyaj yo rekòmande yo ansanm ak nenpòt rabè, kredi pou travèse ak/oswa egzonerasyon potansyèl yo. Yo ta prezante rekòmandasyon an bay Konsèy MTA a k ap aji nan kapasite jiridik li kòm konsèy Otorite Pon ak Tinèl Twa-minisipalite (Triborough Bridge and Tunnel Authority), ajans MTA ki ta kolekte peyaj yo. Apre soumisyon ak piblikasyon yon estrikti peyaj yo pwopoze a ak yon peryòd kòmantè piblik, MTA ta fè yon odyans piblik anvan yo adopte nenpòt estrikti peyaj.

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Gouvènman federal la te bay yon lòt fevè pou pri pou konjesyon an, epi nou pare pou fè li byen. Sa a ale odela diminisyon sikilasyon. Nou pral investi nan sistèm transpò piblik nou an epi netwaye lè a nan kominote ki pi polye yo. Bati yon avni ki pi solid vle di asire ke pwogrè a gen ladann tout moun, epi nou pa pouse konsekans yo sou kominote yo te neglije yo. Plan sa a pral sèvi tout Nouyòkè yo epi li p ap kite pèsonn dèyè. Mwen vle remèsye Sekretè Transpò Ameriken an Buttigieg, Gouvènè Hochul, Manm Kongrè Torres, ak tout defansè ki te peze pye yo sou akseleratè a pou fè sa a avanse pou pi devan."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Pri konjesyon vle di mwens sikilasyon, lari ki pi an sekirite, lè ki pi pwòp, plis opòtinite ekonomik, ak pi bon transpò piblik."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Depatman Transpò Eta a, an kolaborasyon ak MTA ak NYCDOT, apresye FHWA anpil pou dilijans li nan sètifye Evalyasyon Anviwònmanal la pou Pwogram Peyaj Komèsyal Santral la. Sa a se te yon pwosesis solid ak yon angajman piblik solid epi pandan ke gen travay toujou ki pou fèt, nou pral kontinye travay ak patnè nou yo ak kominote a pou avanse pwosesis sa a."

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Vil New York la, Ydanis Rodriguez, te deklare,** "Pri konjesyon an pral amelyore kalite lavi nou, akselere otobis yo, rann lari nou yo vin pi an sekirite epi lè nou an ap vin pi pwòp. Sa a make yon etap enpòtan pou pi devan nan founi yon pwogram ki santre sou ekite ak jistis anviwònmanal. Nou se yon patnè fyè nan pri konjesyon epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay ak patnè nou yo nan nivo vil la, eta ak federal pou avanse premye pwogram sa yo nan Etazini."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Depi nan moman mwen te antre nan fonksyon piblik la, mwen te defann pri konjesyon ak espwa pou m redui konjesyon, amelyore kalite lè, redui pousantaj opresyon an, ak estabilize MTA a - ki se eleman vital nan pi gwo vil Etazini an. Nan menm moman an, mwen te di ke nenpòt plan pri konjesyon dwe rekonèt ak respekte bezwen inik anviwònmanal ak sante piblik Bronx

lan. Mwen fyè dèske m te garanti ak siksè 155 milyon dola sou senk ane nan nouvo envèstisman pou redwi siyifikativman polisyon nan lè a ak emisyon gaz ki lakoz efè sè yo, tankou ranplasman inite refrijerasyon transpò sou kamyon dyezèl, konstriksyon enfrastrikti veyikil elektrik, devlopman pwogram opresyon pou lekòl yo, renovasyon pak lokal yo ak espas vèt yo, ak amelyorasyon siveyans kalite lè a. Mèsi ak Gouvènè Hochul, Prezidan MTA Lieber, Majistra Adams, ak Administrasyon Biden lan paske yo te koute enkyetid kominote nou an epi yo te rejwenn mwen pou avanse yon plan pri konjesyon ki jis nan domèn anviwòmantal ki kòmanse ranvèse istwa rasis anviwòmantal ki long ak lèd la nan Bronx ak odela."

**Reprezantan Jerrold Nadler te deklare,** "Apwobasyon FWHA pou pri konjesyon an se yon viktwa pou Nouyòkè yo nan batay nou an pou yon lè a vin pi pwòp, lari ki pi an sekirite, ak transpò piblik ki amelyore. Mwen te goumen pou pri konjesyon depi nan kòmansman li paske se pi bon fason pou retire machin nou wout ki twòp chaje yo epi pèmèt nou re-imaginer lari nou yo pou kreye espas vèt pou pak, liy bisiklèt pwoteje yo, ak liy otobis yo dedye pou rann tan vwayaj yo pi rapid ak pi efikas. Mwen fyè de travay mwen pou fè New York vin premye nan nasyon an k ap aplike apwòch sa a ki pral bay finansman ki nesèsè pou MTA a. Kounye a ke pwogram sa a gen fevè gouvènman federal la, mwen pa ka tann patenarya kontinyèl mwen avèk MTA, Komisyon Revizyon Mobilite Sikilasyon an, ak lidè kominotè yo pou finalman aplike pri konjesyon san delè."

**Reprezantan Dan Goldman, te deklare,** "Vil New York pare pou l sèvi kòm yon modèl pou nasyon an epi pou li trase wout pou amelyorasyon ki enpòtan anpil nan kalite lè a ak nan sistèm transpò piblik nou an atravè pri konjesyon an. Politik ki pwouve sa a epi ki enpòtan anpil pral diminye sikilasyon, benefisye anviwòmman an, amelyore transpò enfrastrikti nou an epi fè lari nou yo vin pi an sekirite. Pri konjesyon se yon etap pi pre pou vin lwa tèren nan New York epi inogire avni vil nou an. Ann reyalize li."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Mwen kontan Otorite Transpò Metwopoliten (MTA), Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT), ak Depatman Transpò Vil New York (NYCDOT) te pibliye Evalyasyon Anviwòmantal Final yo pou Pwogram Peyaj Distri Komèsyal Santral la. Li enpòtan pou nou kontinye evalye tout aspè pwogram peyaj la pandan peryòd sansib sa a. Mwen pa ka tann pou m avanse kolaborasyon mwen nan nivo federal ak ajans sa yo pou asire deplwaaman pwogram sa a avèk siksè ak oponyon adekwa pati konsène yo epi asire mizajou enpòtan pou Nouyòkè k ap travay yo."

**Senatè Eta Liz Krueger te deklare,** "Moun pami nou ki abite ak travay nan Manhattan konnen trè byen enpak negatif nan konjesyon sikilasyon sou lavi n ap mennen chak jou a - polisyon nan lè a, bri a, risk ki genyen pou pyeton akoz nan lari ki gen twòp moun, ak fristrasyon moun ki bloke nan sikilasyon nan okazyon sa yo lè nou bezwen sèvi ak yon machin oswa yon taksi. Nou konnen tou avantaj ki genyen nan transpò piblik ki byen finanse, fyab, ak rapid. Pri konjesyon se yon apwòch ke yo eseye ak teste ki pral diminye konjesyon, amelyore kalite lavi moun nan Manhattan, epi bay lajan ki nesèsè anpil pou sipòte tren ak otobis ke vas majorite Nouyòkè yo konte sou yo chak jou."

Mwen kontan wè pwosesis sa a finalman ap vanse, ak plizyè lòt opòtinite pou opinyon piblik la, epi mwen pa ka tann aplikasyon li konplè pi vit jan sa posib."

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "An 2019, pri konjesyon se te yon lide ke moman li te rive. An 2023, li gen twòp tan depi y ap tann li. Mwen te fyè pou m vote pou pwogram peyaj distri komèsyal santral ki se premye nan nasyon an paske sa pral vle di pi bon transpò piblik pou tout Nouyòkè yo, lè pi pwòp ak lari ki pi trankil pou elektè mwen yo, ak plis komodite pou tout itilizatè wout yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak MTA paske yo te pibliye Evalyasyon Anviwònman Final la rapidman pou nou ka finalman aplike pwogram enpòtan sa a."

**Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare,** "Manhattan gen kèk nan pi ba pousantaj posèsyon machin nan peyi a, men gen kèk nan pi move sikilasyon. Pri konjesyon an pral ede diminye kantite machin nan lari vil yo, pandan l ap bay sistèm transpò piblik la finansman li bezwen yon fason dezespere. MTA ap pran angajman enpòtan pou asire ke pa gen okenn enpak negatif enpòtan, ki se yon gwo etap. Men, toujou gen detay ke yo bezwen travay sou li, kidonk mwen ankouraje Nouyòkè yo patisipe nan pwosesis odyans piblik la. Kounye a se moman pou asire ke pwogram sa a etabli pou li fè siksè."

**Steven Rubenstein, Prezidan Asosyasyon pou yon pi bon New York (Association for a Better New York, ABNY), te deklare,** "Nou felisite MTA paske li reyalize gwo etap sa yo nan direksyon pou apwobasyon ak aplikasyon pri abouteyaj ke yo t ap tann depi lontan. Pou vil la ak biznis li yo pwospere, Nouyòkè yo bezwen transpò piblik ki fyab epi lari ki pa toujou ap bloke akòz sikilasyon. Pri konjesyon yo pral fè rejyon nou an pi konpetitif, pi dirab, ak vin pi fasil pou viv ekonomikman."

**Rachael Fauss, Konseye Politik Prensipal nan Reinvent Albany, te deklare,** "Nou panse se yon bon nouvèl pou Nouyòkè yo ke gouvènman federal la bay yon fevè preliminè pou pri konjesyon an. Nou pa ka tann lidèchip solid ak kontinyèl Gouvènè Hochul pou asire pwogram nan kòmanse pi vit jan sa posib pou pote 15 milya dola nan finansman ki nesèsè pou plan kapital MTA a. Kounye a se moman pou Komisyon Konsèy Revizyon Mobilite Sikilasyon an pou sèvi ak reyalite ak bon sans pou rekòmande nivo peyaj yo bay konsèy MTA a epi mete lwa pri konjesyon an an pratik."

**Lisa Daglian, Direktè Egzekitif, Komite Konsiltatif Sitwayen Pèmanan (Permanent Citizens Advisory Committee, PCAC) pou MTA, te deklare,** "Lèt Sifisans Legal (Letter of Legal Sufficiency) FHWA ak pake diminisyon ki detaye nan EA final la ak pwojè FONSI a sinyale ke pri konjesyon an sou kous li. Premye etap sa a nan direksyon yon rejyon ki gen plis investisman nan transpò piblik, mwens sikilasyon, ak pi bon kalite lè se yon gwo viktwa pou pasaje yo ak plizyè milyon lòt moun -- enkli chofè yo -- ki pral benefisye Pri Konjesyon an. Nou aplodi USDOT, Gouvènè Hochul, MTA ak patnè li yo, NYS DOT ak NYC DOT, paske yo te tèlman dilijan nan kad efò yo pou asire ke yo pral mete an plas efò diminisyon yo pou abòde potansyèl enpak sou ekite ki te soulve pandan pwosesis revizyon an, ki gen ladan rabè pou chofè ki gen revni fèb yo, limit sou frè pou taksi yo ak pou machin lokasyon yo, ak amelyorasyon kalite lè a, pou pote pi

bon rezilta pou kominote jistis anviwònman yo, patikilyèman nan Bronx. Kote New York ap dirije, lòt yo pral swiv li."

**Tom Wright, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association, RPA), te deklare,** "Pandan plizyè deseni, Vil Nouyòk ap lite ak konjesyon sikilasyon ekrazan, ki polye lè nou respire a, ki bouche wout nou yo, ki andomaje kominote nou yo, epi ki afebli ekonomi nou an. Sa a vin sèlman anpire depi lè COVID la, paske plis pasaje yo chanje an machin endividyèl. Avèk piblikasyon Evalyasyon Anviwòmantal pou Pri Konjesyon an, nou nan yon etap pi pre pou finalman abòde pwoblèm sa a epi aplike yon politik ki pral benefisye chofè yo, pasaje transpò piblik yo ak kominote yo tou. RPA felisite Gouvènè Hochul ak MTA paske yo te atenn etap enpòtan sa a epi nou pa ka tann pou nou travay avèk MTA, Vil New York ak tout rejyon twa eta a pou asire ke pwogram nan atenn tout potansyèl li nan redui ankourajman pou achte peyaj, limite egzonerasyon ak finanse mezi mitigasyon yo. Lè yo fè li byen, pri konjesyon an pral lakòz yon vil ak yon rejyon ki pi an sante, finansman ki enpòtan anpil pou mizajou ak amelyorasyon transpò piblik yo, ak yon rejyon ki pi pwospere."

**Direktris Egzekitif Adjwen pou Zafè Piblik pou Transportation Alternatives, Elizabeth Adams, te deklare,** "Pri konjesyon an se yon viktwa pou tout moun — kèlkeswa si w ap mache, monte bisiklèt, pran transpò, oswa menm kondwi nan Distri Komèsyal Santral la. Avèk otorizasyon gouvènman federal la, li lè li tan pou Eta New York aplike pri anbouteyaj san delè epi pran dispozisyon jodi a pou reprann espas sa a nan men machin yo an pèmanans. San tout konjesyon sa yo nan espas lari nou yo, nou ka bati lari ki vrèman sèvi moun nan Vil New York yo — ak plis espas vèt, pi bon transpò piblik, ak lè ki pi pwòp."

**Direktris Egzekitif Riders Alliance lan, Betsy Plum, te deklare,** "Riders kontan dèske Gouvènè Kathy Hochul finalman gen tout pouvwa li bezwen pou rasanble lajan pou repare metwo nou an epi bay sèvis fyab ak aksesib ke chak Nouyòkè merite. Apre plizyè ane reta, ke pasaje transpò yo twò abitye avèk yo, gouvènman federal la finalman deside ke plizyè milyon Nouyòkè, vwayajè, ak vizitè nan vil nou an ka gen bèl bagay apretou. Pri konjesyon se dezyèm pi gwo sous finansman pou amelyore siyal metwo yo ki lakòz reta kwonik, acha nouvo machin tren ki fyab ak modèn, epi konstwi nouvo asansè pou estasyon pou akeyi chak Nouyòkè nan sistèm nan. Pri anbouteyaj pral tou koupe blokaj ki gaspiye yon estimasyon ki se 20 milya dola chak ane ke fanmi yo absòbe nan machandiz ak sèvis ki pi chè epi ki ralanti bis nou yo. Ka a pou pri konjesyon an, ak tout avantaj li yo, pa ta ka pi fò pase jan li fò jodi a."

**Direktè Eta pou Fon Defans Anviwòmantal pou New York ak New Jersey, Mary Barber te deklare,** "Nou kontan dèske pwosesis federal pou apwouve pwogram pri konjesyon Vil New York la ap fè vil la avanse pi pre yon etap pou soulaje anbouteyaj sikilasyon an, diminye emisyon ak finansman amelyorasyon esansyèl yo nan sistèm transpò piblik New York la. Pri konjesyon an se yon politik fondamantal pou sipòte avni dirab New York la. Nou pa ka tann lidèchip klimatik ak enèji pwòp Gouvènè Hochul lè nou asire pwogram sa a aplike rapidman ak lòt politik konplèmantè yo, tankou

elektrifikasyon kamyon ak otobis, ki priyore epi asire avantaj pou kominote ki defavorize yo."

**Renae Reynolds, Direktè Egzekitif Tri-State Transportation Campaign (Kanpay Transpò ant Twa Eta) a, te deklare** "Pri konjesyon an pral pote anpil avantaj nan vil nou an ak rejyon nou an. Nou ankouraje pa plan diminisyon MTA ak Gouvènè Hochul te anonse. Aplikasyon pa yo, ki gen ladann enfrastrikti elektrifikasyon amelyore ak rediksyon enpòtan nan emisyon dyezèl nan kominote jistis anviwonmantal ki twòp chaj yo tankou South Bronx, pral ede fè nou avanse nan kad efò nou yo pou yon rejyon ki ekitab, dirab, an sante, ak vivav."

**Fondatè ak Direktè Move NY Campaign to bring Congestion Pricing to NYC, Alex Matthiessen te deklare,** "Apwobasyon federal la pou pri konjesyon an se yon gwo viktwa pou zòn Metro New York la ak pou nasyon an tout antye, pandan lòt vil yo ap chèche adopte pwogram inovan sa a pou redwi trafik ak amelyore transpò piblik. Pake mezi diminisyon solid yo espesyalman enpòtan ke New York te angaje tèt li pou yo, ki ta dwe ede relanse yon efò ke yo t ap tann depi lontan pou kreye yon Vil New York ki pi ekitab, jis ak dirab."

**Direktè Defans Bike New York la, Jon Orcutt, te deklare,** "Bike New York bat bravo pou pwogrè pri konjesyon an, epi li pa ka tann aplikasyon sistèm nan ak soulajman sikilasyon ki nesèsè anpil nan ak ozalantou distri komèsyal santral New York la. Pri konjesyon gen gwo avantaj sekirite lari nan London, epi nou ka itilize tout èd nou ka jwenn nan sans sa a nan New York jodi a."

### **Evalyasyon Anviwòmman Final la bati sou angajman anvan yo an vè Kominote Jistis Anviwòmmanal yo**

Ansanm, MTA ak de depatman transpò a ap angaje 207.5 milyon dola sou senkan pou mezi diminisyon ki konsantre lajman sou kominote ak popilasyon jistis anviwòmmanal (EJ) yo. Sa gen ladann yon 47.5 milyon dola ke yo mete sou kote pou yon nouvo rabè revni ki fèb ak 5 milyon dola pou siveyans adisyonèl nan sikilasyon, kalite lè a, ak eleman estasyon transpò piblik yo.

Jan sa reflete nan Evalyasyon Anviwòmmanal Final la, mezi diminisyon yo ta ka adrese efè negatif potansyèl yo nan kominote jistis anviwòmmanal yo. Nouvo angajman nan Evalyasyon Anviwòmmanal Final la enkli:

- Yon pwogram rabè pou chofè ki gen revni ki fèb ta bay yon rabè 25% pou chofè ki gen revni ki fèb sou pousantaj peyaj konplè CBD E-ZPass la apre 10 premye vwayaj yo nan chak mwa sivil (eksepte peryòd lannwit lan)
- Yo pa ka chaje taksi ak machin lokasyon yo plis pase yon fwa pa jou
- Mezi diminisyon rejyonal yo
  - Bay yon rabè pou pi piti 50% sou peyaj maksimòm pou kamyon yo ak lòt machin yo soti nan omwen 12 a.m. rive 4 a.m.
  - Elaji Pwogram Clean Trucks (Kamyon Pwòp) NYC DOT la pou akselere ranplasman ansyen kamyon dyezèl yo pa veyikil ki fèb an emisyon.
  - Elaji Pwogram Livrezon Andeyò Lè Ouvèti NYC DOT la

- Mezi diminisyon ki baze sou lye
  - Renove trelè refrijerasyon (TRUs) yo nan Hunts Point Market soti nan dyezèl ki sal pou pase dyezèl ibrid ki pwòp
  - Elaji enfrastrikti rechaj kamyon elektrik
  - Renove pak yo epi elaji baryè vejetatif yo sou otowout yo nan kominote EJ yo
  - Enstale inite filtraj lè nan lekòl ki toupre otowout yo
  - Elaji pwogram jesyon ka opresyon Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la nan lekòl yo epi etabli yon nouvo sant opresyon nan Bronx

TMRB ka rekòmande règleman ki gen rapò ak rabè ak egzonerasyon ki ale odela angajman yo nan EA a.

Angajman sa yo se yon ekspansyon nan angajman yo te dekri pi bonè yo, tankou priyoreze elektrifikasyon depo otobis ki sitiye nan kominote EJ Bronx ak Upper Manhattan yo, bay yon kredi taks pou rezidan CBD ki gen revni fèb ak revni brit ki ajiste ki mwens pase 60k ak elimine 10 dola frè depo pou etikèt E-ZPass la. Pou lis angajman konplè yo, gade [isit la](#).

### **Avantaj Pwogram yo**

Nan tout zòn ki gen 28 konte yo etidye nan revizyon anviwònmantal la, evalyasyon an jwenn ke nan moun ki vwayaje al travay nan Distri Komèsyal Santral Manhattan (CBD), sèlman 11% ladan yo kondwi epi 85% itilize transpò piblik. Lè yo redwi konjesyon ak kreye revni pou transpò piblik, pwogram nan ta benefisye plizyè milyon moun chak jou. Atravè nouvo pake diminisyon an, pwogram nan pral envesti anpil tou nan kalite lè nan kominote jistis anviwònmantal yo.

**Mwen konjesyon kilasyon.** New York fè pati vil ki gen plis konjesyon nan peyi Etazini. Lari ki gen konjesyon yo ralanti otobis yo, retade sèvis livrezon yo, ogmante pri pou fè biznis, ak degrade kalite lavi nou. Evalyasyon Anviwònmantal la estime yon rediksyon apeprè 15-20% nan kantite veyikil k ap antre nan Distri Biznis Santral la, oswa apeprè 110,000 ak 143,000 veyikil an mwens chak jou, apeprè menm kantite machin ki antre nan Manhattan sou Pon Brooklyn lan jodi a.

Otobis Vil New York yo sèvi yon pi gwo pati nan fanmi ki gen revni fèb ak fanmi minoritè yo konpare ak lòt mòd transpò, tankou metwo. Vitès otobis lokal yo te bese nan 28% nan Distri Komèsyal Santral la depi 2010 epi Select Bus Service nan Manhattan 19% pi lan pase Select Bus Service nan lòt minisipalite yo. Pandan ke inisyativ MTA k ap kontinye yo, tankou nouvo konsepsyon rezo otobis yo te montre yon amelyorasyon nan vitès yo, pri konjesyon an t ap non sèlman amelyore tan vwayaj pou sèvis otobis yo, men tou sèvis andeyò transpò piblik yo.

**Yon sistèm transpò ki pi ekita, ak aksesib.** Pwogram nan ta jenere revni nèt ki ase pou ogmante 15 milya dola pou Pwogram Kapital 2020-2024 MTA a ki gen ladann pwòje ki pote transfòmasyon. Sistèm transpò MTA a, epi patikilyèman rezo otobis la, ankouraje ekite lè li sèvi kominote ki gen revni fèb yo ak kominote minoritè yo. Finansman an ta pèmèt MTA pwogrese sou kalandriye agresif li pou konplete

amelyorasyon aksesibilite yo, ansanm ak fè travay reparasyon ki nesesè pou sistèm transpò piblik ki gen plis pase yon syèk la.

***Yon avni ki pi an sante, ki pi dirab.*** Pri konjesyon an ta amelyore kalite lè rejyonal an jeneral la ak youn nan plan ki pi konplè ke rejyon an te aplike pou sipòte yon avni ki pi vèt. Evalyasyon anviwòmantal yo te jwenn nan tout senaryo peyaj yo yon diminisyon jeneral nan km ke veyikil yo vwayaje nan Distri Komèsyal Santral la ak nan rejyon an jeneral, epi pwogram nan ta ankouraje kèk pasaje pou tranzisyone soti nan veyikil pa yo pou pase nan transpò piblik.

### **Sansibilizasyon ak Angajman Kominotè nan yon Dimansyon San Parèy**

Pandan pwosesis revizyon anviwòmantal la, Patnè Pwojè yo te fè 19 sesyon sansibilizasyon prematire, nèf ladan yo te konsantre sou kominote jistis anviwòmantal yo, 10 reyinyon ak Gwoup Konsiltatif Teknik pou Jistis Anviwòmman ak Gwoup Travay Pati Konsène yo, ak sis odyans piblik apre piblikasyon pwojè Evalyasyon anviwòmantal la nan mwa out 2022. Prèske 950 oratè te patisipe nan sesyon sansibilizasyon prematire a ak odyans piblik yo, ansanm. Yo te òganize lòt reyinyon yo separeman pou ofisyèl eli yo, konsèy kominotè yo, defansè transpò piblik ak anviwòmantal yo, ak lòt pati ki enterese yo.

MTA ak de depatman transpò a te resevwa epi reponn plis pase 22,000 kòmantè endividyèl ak plis pase 55,000 fòmilè soumasyon. Te gen plis pase 25,000 vi kimilatif pou videyo sou entènèt sou odyans piblik yo.

### **Zòn Etid Evalyasyon Anviwòmantal la**

Nan enkopore ak dokimante tout opinyon piblik la, Evalyasyon Anviwòmantal Final la analize enpak Peyaj Distri Komèsyal Santral la sou konjesyon sikilasyon, transpò piblik, kalite lè a ak anpil lòt endikatè anviwòmantal nan 28 konte atravè New York, New Jersey ak Connecticut. Zòn Etid la genyen 22 milyon moun, ki gen ladan 12.3 milyon moun ki abite nan kominote jistis anviwòmantal yo, ak senk Nasyon Tribal.

Evalyasyon anviwòmantal la evalye enpak sou sikilasyon ak transpò piblik pou yon rezo transpò rejyonal ki gen 28.8 milyon vwayaj pou chak jou lasemèn an mwayèn, 61,000 pwen rankont nan otowout yo, 4,600 zòn analiz sikilasyon, 44,267 estasyon otobis oswa estasyon transpò piblik, 4,170 wout transpò piblik, ak plis pase yon douzèn founisè transpò piblik anplis MTA, ki gen ladan NJ TRANSIT, PATH, feri yo, ak sistèm otobis rejyonal ki gen ladan Westchester County Bee-Line, NICE, ak Suffolk County Transit.

### **Istorik Pwogram Peyaj Distri Komèsyal Santral la**

Pwogram Peyaj Distri Komèsyal Santral la te mandate pa Eta a nan mwa avril 2019 epi li te kopye sou pwogram pri konjesyon iben yo atravè mond lan pou diminye konjesyon sikilasyon epi ogmante revni ki nesesè pou amelyore transpò piblik la. Pwogram nan ta chaje veyikil yo yon peyaj pou vwayaje nan sid Manhattan epi enkli nan 60th Street, eksepte sikilasyon atravè Franklin D. Roosevelt Drive, West Side Highway, Battery Park Underpass, ak pati wout nan Hugh L. Carey Tunnel ki konekte ak West Street la.



###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418